

## PWOGRAM ANKOURAJMAN LOJMAN MENDÈV (WHIP)

### KESYON MOUN POZE SOUVAN (FAQ) – POU POTANSYÈL ACHTÈ KAY

#### KISA WHIP YE?

WHIP vle di Workforce Housing Incentive Program (Pwogram Ankourajman Lojman Mendèv) WHIP se yon pwogram pilòt sibvansyon ke Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade (PHCD) administre. WHIP fèt pou mèt kay lwaye ak pwopriyetè apatman ki gen pwopriyete nan Konte Miami-Dade ki konvèti pri mache lojman ki egziste deja an pri lojman abòdab ak pri lojman mendèv pou fanmi ki gen revni fèb ak mwayen ki touche jiska 140 pousan Revni Medyan Zòn (AMI). - *gade tablo ki anba a.*

WHIP fèt pou kòlte ak kriz abòdabilite lojman Konte Miami-dade la nan pwoteje ak ogmante lojman abòdab ak lojman mendèv ki egziste deja ki disponib. Youn nan fason WHIP reyalize objektif sa a se lè li peye sibvansyon bay pwopriyetè inite ki vann kay yo a achtè kay ki elijib nan yon pri abòdab ki baze sou estanda ke Kòporasyon Finans Lojman Florid ("FHFC"), Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini ("HUD"), ak Konte Miami-Dade etabli. – *gade tablo ki anba a.*

Sibvansyon maksimòm ki disponib kounye a se \$6,000. Pwopriyetè ki elijib ki ap vann yon kay nan yon pri abòdab a fanmi ki touche jiska 140 pousan AMI yo va resevwa \$6,000 lè yo ap siyen dènye papye lavant lan.

#### KIJAN MWEN KA PATISIPE NAN WHIP?

Pou tranzaksyon lavant kay ou pou w kalifye pou WHIP, kondisyon annapre yo dwe ranpli:

- Pwopriyete a dwe lokalize nan Konte Miami-Dade.
- Pwopriyetè ki gen pwopriyete pou vann lan dwe soumèt yon aplikasyon konplè nan pwogram lan.
- Pwopriyetè a dwe siyen yon akò sibvansyon WHIP.
- Pri devan pou 2022 a dwe \$352,000 oswa pi ba.
- Revni fanmi ki ap achte kay la dwe pi ba pase 140% AMI – *gade tablo ki anba a.*
- Inite yo dwe abitab epi yo dwe pase yon enspeksyon kalite lojman gratis ke PHCD fè. Altènativman, achtè kay yo ka soumèt yon rapò enspeksyon tyès pati ki fèt ak lajan pa l.
- Achtè kay yo dwe pran angajman alekri pou yo okipe epi kenbe dwa pwopriyete inite lojman an pou yon minimòm de twa ane.

#### ÈSKE ACHTÈ KAY KAPAB APLIKE POU WHIP?

Non. WHIP vaaksepte aplikasyon sèlman nan men pwopriyetè inite ki gen pwopriyete nan Konte Miami-Dade.

#### KIJAN WHIP VA YON AVANTAJ POU MWEN KÒM YON ACHTÈ KAY?

Pwopriyetè ki elijib yo va resevwa yon ankourajman pou vann kay yo a yon pri abòdab. Piske achtè kay yo dwe dakò avèk vandè a pou yo patisipe nan WHIP, achtè kay yo ka itilize ankourajman WHIP la pou negosye yon rabè sou pri devan kay la.

#### KIJAN MWEN AP KONNEN SI PRI DEVANT MWEN AN ELIJIB POU WHIP?

**Pri Devan Maksimòm pou 2022 se \$352,000.** Se HUD ak Konte Miami-Dade ki etabli pri devan maksimòm chak ane a.

#### KIJAN MWEN KONNEN SI REVNI FANMI MWEN KALIFYE POU WHIP?

Fanmi ki touche jiska 140 pousan Revni Medyan Zòn (AMI) elijib pou WHIP. Se FHFC, HUD, ak Konte Miami-Dade ki etabli limit revni anyèl fanmi an. Limit revni yo detèmine avèk yon konbinezon revni fanmi ak gwo sè fanmi an.

*Pa egzanp, lè w sèvi ak tablo ki anba a, limit revni 2023 pou yon kay 4 moun a 140% AMI se \$144,480.*

## Limit Revni 2023

Pousantaj Kategori	Limit Revni pa Kantite Moun ki nan Kay la							
	1	2	3	4	5	6	7	8
30%	21,700	24,800	27,900	30,950	35,140	40,280	45,420	50,560
50%	36,150	41,300	46,450	51,600	55,750	59,900	64,000	68,150
80%	57,800	66,050	74,300	82,550	89,200	95,800	102,400	109,000
110%	79,464	90,816	102,168	113,520	122,602	131,683	140,765	149,846
120%	86,760	99,120	111,480	123,840	133,800	143,760	153,600	163,560
140%	101,220	115,640	130,060	144,480	156,100	167,720	179,200	190,820

## **KILÈ YO VA AKSEPTE APLIKASYON?**

Pwosesis aplikasyon an ap kòmanse a 12:00 am nan dat 17 mas 2023. Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 7 septanm 2023, oswa lè yo prevwa lè fon pwogram yo fin itilize, kèlkeswa sa ki rive anvan.

## **KI DOKIMANSYON YAP MANDE ACHETÈ LAKAY YO?**

Yon fwa aplikasyon WHIP vandè w la trete e apwouve, yo va mande achtè kay yo pou yo soumèt dokiman annapre yo:

- Yon kontra WHIP ki siyen avèk kloz restriktif. Pou kontra dwa pwopriyete kay, achtè a dwe dakò pou li siyen kloz restriktif la.
- Prèy sou revni aktyèl tout manm fanmi ki ap achte kay la (souch chèk peman ki resan, lèt revokasyon, reklamasyon chomaj, deklarasyon kontribisyon, elatriye)
- Idantifikasyon pou tout manm fanmi ki ap achte kay la (pa egzanp, lisans chofè, paspò, fakti sèvis piblik, batistè, fakti kat kredi, relve labank, elatriye. Dosye enskripsyon lekòl yo akseptab pou minè).

## **KIJAN VANDÈ MWEN AN KA APLIKE?**

Apati dat yo prevwa pou kòmanse 17 mas 2023, aplikasyon yo ap disponib sou entènèt nan:

<https://www.miamidade.gov/global/housing/home.page>. Si vandè a pa ka jwenn aksè pouli aplike sou entènèt, aplikasyon sou papyè yo ap disponib nan kat (4) lokal:

**Nò:** Miami Gardens Apartment, 2170 NW 183<sup>rd</sup> Street, Miami, FL 33056

**Santral:** Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè, OTV North, 701 NW 1<sup>st</sup> Court, 14<sup>th</sup> Floor, Miami, FL 33136

**Lwès:** Lakeside Towers, 7555 SW 152<sup>nd</sup> Avenue, Miami, FL 33193

**Sid:** Leisure Villas, 28701 SW 153<sup>rd</sup> Avenue, Homestead, FL 33033

Apati 17 mas 2023, aplikasyon yo va disponib pou pase pran ak depoze yo soti 9:00 am rive 5:00 pm, lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye. Soumèt aplikasyon sou papyè se a pwòp risk aplikan an paske gen yon pi gwo posibilite pou erè ak diskalifikasyon. LI VRÈMAN REKÒMANDE POU APLIKAN YO RANPLI AK SOUMÈT APLIKASYON AN SOU ENTÈNÈT.

## **KA MWEN PALE AK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON SOU PWOGRAM LA?**

Wi. Ou ka kontakte sant dapèl WHIP a nan (305) 784-1000 ant 8:00 am e 5:00 pm apati dat yo prevwa pou kòmanse a ki se 17 mas 2023, eksepte jou ferye. Ou ka voye imel tou pou nenpòt kesyon nan.WHIP@miamidade.gov.